



## Nòt pou laprès

**Ministè Sante Piblik ak Popilasyon (MSPP)** ap fè tout moun konnen gen yon sant apèl ki plase nan Ministè a pou bay bon jan enfòmasyon epi oryante tout moun sou sa ki gen pou wè ak Nouvo Kowonaviris la.

Pou jwenn enfòmasyon w ap bezwen an ou dwe sèlman rele **2020** gratis epi w ap jwenn yon pèsònèl ki byen fòmè pou sa k ap reponn ou.

Pa ezite rele **2020** si w santi ou ta gen siy ak sentom Nouvo Kowonaviris yo oswa si w gen yon moun nan antouraj ou ki ta sispèk.

***Youn veye sou lòt, youn pwoteje lòt!***

**Inite Kominikasyon**